



Ongororo yeMararamiro eVanhu veMumaruwa Yakaitwa neKomiti yeZimbabwe Inoongorora Mikana yoKuva Munjodzi (ZimVAC) yeGore ra2023




Zvakanangana neMararamiro Akashandurwa Kuti Pave noKuwaniswa Zvokudya Zvinovaka Muviri Zvakakwana Mumaruwa

Komiti yeZimbabwe Inoongorora Mikana yoKuva Munjodzi (ZimVac) iri kuenderera mberi nokuita ongororo yepagore yemararamiro mukuzadziswa kweChisimbiso chechitanhatu (6) cheMutemo weNyika Unoona neZvokudya Kunovaka Muviri Kwakakwana. Chinangwa cheOngororo yeMararamiro eMumaruwa muGore ra2023 chaive chokupa zviri kuitika pagore maringe nemararamiro evagari vemumaruwa muZimbabwe nechinangwa chokuda kupa ruzivo mukugadzirwa kwemitemo nokutsvaga nzira dzinobatsiridza kupedza matambudziko. Hurumende iri kurumbidzwa nokuisa mitemo yakanaka nokuita kuti pave nemamiriro akanaka zvakaita kuti raramo yevanhu vekumaruwa ivandudzwe.


1. Kushaikwa kweZvirimwa Zvine Tsanga

Zvichienzaniswa negore ra2020, kushaikwa kwezvirimwa zvine tsanga kwaderera. Kuderera uku kunoda kucherechedzwa uye Hurumende iri kurumbidzwa nokuda kwokuramba ichizvipira kuti izadzise chimwe chezvinangwa zvenyika chiri muNDS1, kunyanya kuita kuti pave nezvokudya zvakanwanda munyika.



Kushaikwa kweZvirimwa Zvine Tsanga: 2020 – 2023

Zvichienzaniswa negore ra2022, kushaikwa kwezvirimwa zvine tsanga kwaderera mumatunhu makuru ose kunze kweMashonaland Central.




Kushaikwa kweZvirimwa Zvine Tsanga

Munguva inonyanya nzara (Ndira kusvika Kurume 2024), zvikamu 26% zvevanhu vekumaruwa zvirikutarisirwa kushaya zvokudya zvakakwana. Izvi zvinoreva vanhu 2,715,717. Zvokudya zvisiri pasi pe100, 482 MT zvezvirimwa zvine tsanga zvinodiwa kuti zvipiwe kune vanhu vachashaya zvokudya zvakakwana munguva inonyanya nzara.


2. Zvakabuda Mukurima

Misha isiri pasi pe82% yakarima chibage, 41% ikarima nzungu uye 27% yakarima zvirimwa zvine vana vanobumbira pasi.



Misha Yakarima Zvirimwa

- a) **Kushandiswa kwePfumvudza:** Misha isiri pasi pe47% iri kurima ichishandisa chironywa chePfumvudza.




Kushandisa Pfumvudza

- b) **Kuwaniswa Dzidzo yezveKurima:** Misha ingangosvika 94% yakakwanisa kuwana dzidzo yezvekurima, yakawedzera kubva pa59% muna 2022.
- c) **Kuwaniswa Rubetsero rweMadhumeni:** Misha 81% yakakwanisa kushanyirwa neMadhumeni, yakawedzera kubva pa55% muna 2022.
- d) **Kuva neZvipfuyo uye Mitengo yazvo**



3. Mari Inowanikwa Pamusha

Zvichienzaniswa negore ra2020 (pakatanga kuitwa ongororo iyi), mari inouya mumisha iri kuvedzera.



Kuuya kweMari: 2020-2023


Pane kuwedzera kwemari inouya kubva paUSD\$ 57 mugore ra2022 kusvika paUSD\$ 116 mugore ra2023. Hurumende iri kukurudzirwa kuramba ichiisa nzira dzokudzikamisa zveupfumi izvo zvirikukonzera kubudirira uku.

Dunhu	Vashandi vasina kubairwa zvitupa (%)	Kurima zvirimwa zvekudya (%)	Mubhadharo/zvipo zvinobva muZimbabwe (%)	Muhoro/Miripo yevashandi (%)	Kurima zvirimwa zvokutengesa (%)	Mibhadharo/zvipo zvinobva kunze kweZimbabwe (%)	Kuchengeta zvipfuyo/Kutengesa (%)	Kurima miriwo/Michero (%)
Manicaland	48.5	21.3	18.4	15.5	10.9	5.4	7.9	10.6
Mash Central	39.2	33.7	11.4	9.9	28.1	1.2	8.7	7.9
Mash East	39.1	38.6	22.7	15.8	8.7	5.9	8.1	10.5
Mash West	34.4	31.1	11.7	16.0	17.9	2.9	4.9	4.9
Mat North	40.6	21.1	17.0	9.5	1.7	19.2	15.0	3.8
Mat South	32.4	22.3	17.6	13.9	1.4	29.0	10.6	4.5
Midlands	40.7	20.1	18.4	8.7	9.3	9.6	10.1	9.6
Masvingo	41.8	30.1	25.9	13.6	7.9	13.6	11.0	8.7
Nyika yose	39.6	27.6	17.9	12.8	10.9	10.5	9.5	7.7

Kunobva Mari

4. Kubatsirwa kweVanhu veMunharaunda

Hurumende nemamwe mapoka anoona nezvebudiriro vanorumbidzwa nokuda kwekuramba wachibatsira vanhu vane mikana yokuvirwa nenjodzi. Chirongwa cheHurumende chokubatsira vanhu vemunharaunda chakawedzera kubva pa61% kusvika pa66% muna 2023, zvichiratidza kusimukira mukubatsira vane mukana yokuvirwa nenjodzi munharaunda. Mapoka eUN/NGO akapawo rubatsiro rwe12% kuvanhu vemunharaunda.



Kunobva Rubatsiro

Rubatsiro rukuru rwakapiwa misha kubva kuHurumende ndehwezvinoshandiswa pakurima (54.6%) nezvokudya (29.2%) uye rubatsiro rukuru rwakapiwa neUN nemaNGO ndeezvokudya (9%) nezvinoshandiswa pakurima (1.6%).


5. Kuwaniswa Zvivakwa Zvakakosha

Hurumende inoenderera mberi nokuona kuti misha yawana zvikoro nenzvimbo dzezveutano pamwe neruzivo rwezveutano.

- a) ***Nhambwe Yakafambwa Kuenda Kuchikoro chePuraimari Chiri Pedyo:*** Misha 73% yakaongororwa ine vanhu vakakwanisa kuwana chikoro chepuraimari chiri mukati me5km.
- b) ***Nhambwe Yakafambwa Kuenda Kunzvimbo yeUtano Iri Pedyo:*** Misha 53% ine vanhu vakafamba chinhambwe chisingasviki 5km kuenda kunzvimbo yeutano iri pedyo.
- c) ***Kuwaniswa Ruzivo neRubatsiro rwezveUtano:*** Misha inodarika 60% yakawaniswa ruzivo rwezveutano, rwezvokudya kunovaka muviri pamwe nerubatsiro rwunopiwa nevashandi veutano vemumusha.

6. Mvura, Utsanana noKushambidzika kwoMuviri


Misha mizhinji pane (83%) yakaongororwa yaiwana mvura mukati mechinambwe che1km.



Nhambwe Yakafamba Kuenda Panocherwa Mvura

Utsanana: Misha inosvika 61% yaiwana utsanana hwakavandudzwa.

7. Kudya kweVana Kunovaka Muviri




Kusakura Zvakanaka kweVana

Dambudziko rokusakura riri pa(26%) uye riri kuramba rakangokwira sezvakataurwa neWorld Health Organization.

8. Kuwedzerwa kweVitamin A


Zvikamu zvevana vakawana Vitamin A yemwero unotenderwa mumwedzi gumi nemiviri yakapfuura yakanga iri 84% uye 64% kuvana vane mwedzi 6-11 uye mwedzi 12-59, sokutevedzanana kwazo.



Kuwedzerwa kweVitamin A kuVana Vane Mwedzi 6-59

Dunhu reMatabeleland North roga, iro rine (90%) rakasvika padanho rinokurudzirwa neWHO re90% kuvana vari pakati pemwedzi 6-11 avo vakawana *Vitamin A*.

9. Zvinokosheswa Mubudiro yeNharaunda



Zvinokosheswa Mubudiro yeNharaunda

Nharaunda zhinji dzakakoshesa kuvakwa kwemadhamu/pokuchengetera mvura (34.3%) uye mabasa/kuwaniswa kwemabasa (34.3%) uye budiro yemigwagwa (30.8%).

10. Hurumende neShamwari dzeBudiro vanokurudzirwa kuramba vachiisa nzira dzinobatsira mune zvinotevera:

- a) **Kuwaniswa kweZvivakwa Zvakakosha:** Kunyangwe zvazvo misha mizhinji iri munzvimbo dziri 5km kubva pachikoro chepuraimari, kosheso inoda kupiwa ku3% yemisha inofamba 10km. Kosheso inoda kupiwa zvakare ku13% yemisha inofamba nhambwe inodarika 10km kuenda kunzvimbo yezveutano iri pedyo.
- b) **Mvura, Utsanana noKushambadzika kwoMuviri:** Kosheso inoda kupiwa ku17% inofamba kudarika 1 kiromita kuti vawane mvura, 5% vanowana mvura isina kuchengetedzeka uye 29% havashandise zvimbuzi.
- c) **Kurima Zvirimwa:** Tichitarisa kuti 63% yemisha havana mombe uye 56% havana mbudzi, Hurumende yeZimbabwe kuburikidza neBazi rezveMinda, Kurima, Kuchengeta Hove, Mvura uye Budiro yeKumaruwa inofanira kuramba ichiita zvirongwa zvebudiro yezvipfuyo zvakanangana nokuwedzera chikamu chemisha ine zvipfuyo uye kuwedzera kuwaniswa kwesimba rinobva kuzvipfuyo.
- d) **Kuwedzera kweVitamin A:** Panoda kuwedzera zvinoitwa kumatunhu makuru ose asara kuti tisvike pachikero cheWHO che90%.
- e) **Nyaya dzeBudiro:** Panoda kuti Hurumende iwedzere mari dzinoiswa mubudiro dzine chokuita nemvura uye kugadzirwa kwemigwagwa.

FNC inowaikwa paSIRDC: 1574 Alpes Road, Hatcliffe, Harare

Tel: +263-242-862586/ +263-242-862025. Dandemutande: www.fnc.org.zw.

Tsambambozha: info@fnc.org.zw. Twita: @FNCZimbabwe. Inisitagiramu: [fnc_zim](https://twitter.com/fnc_zim).

Fesibhuku: @FNCZimbabwe. Watsiapu: +263 0776 990 479

